



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 24 jiyè 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$ 5 MILYON DOLA NAN PRIM SIBVANSYON POU PWOPRIYETE ISTORIK YO KI TE ANDOMAJE PA GWO TANPÈT SANDY

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse plis pase \$5 milyon dola nan prim a 14 pwopriyete istorik enpòtan ki te soufri domaj grav apre gwo tanpèt Sandy. Finansman an pral itilize pou evalye, renove ak pwoteje sit yo kidonk yo kapab apresye pa pwochen jenerasyon yo.

“Kèk nan pwopriyete istorik ki pi presye ki te reziste a tès eprèv tan ki te sibi sekous gwo tanpèt Sandy e kounye a yo pi vilnerab a move tan,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Finansman sa a pral pèmèt òganizasyon a bi non likratif ak minisipalite yo pou pi byen pwoteje plas enpòtan sa yo kidonk yo kapab kontinye sèvi antanke atou edikasyonèl ak touris pou kominote yo nan Eta New York.”

“Park, simityè ak plas istorik yo fè pati de twal kominote yo, ak domaj yo te sibi se te youn nan anpil trajedi gwo tanpèt Sandy,” te deklare Komisyonè Biwo Park Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta Rose Harvey. “Sou lidèchip Gouvènè a, nou kontan paske nou te kapab ede avèk aspè enpòtan sa nan rekipasyon New York ki ankou apre tanpèt la.”

Premye seri finansman ap bay pa Sèvis Nasyonal Park e li te jere pa Biwo Park, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York. Sibvansyon an te disponib pou pwopriyete yo ki la oswa elijib pou liste sou Rejis Nasyonal Plas Istorik yo, ki posede pa minisipalite yo oswa òganizasyon a bi non likratif yo e ki lokalize nan youn nan 13 konte FEMA deziye yo. Travay yo dwe reponn ak Nòm Tretman Pwopriyete Istorik Sekretè Enteyè a epi jwenn yon premye apwobasyon nan men State Historic Preservation Office lan.

Aplikasyon yo pou yon dezyèm seri finansman, avèk \$5 milyon dola adisyonèl, pral disponib nan youn tan pa twò lwen.

Depite Eliot Engel te deklare, “Simityè Woodlawn se plas repo final pou anpil notab Nouyòkè, de Fiorello LaGuardia a Duke Ellington. Se youn plas istorik, nasyonal avèk gwo enpòtans lokal. Finansman sa a pral pèmèt netwayaj reparasyon nesèsè, ak restorasyon ki nesèsè pou restore simityè Woodlawn. Mwen apresye lidèchip Gouvènè Cuomo nan asire ke sa enkli pami anpil nan priyorite li yo.”

Depite Nydia M. Velázquez te deklare, “Finansman sa a pral fè youn wout long nan bi pou restore plas presye sa yo ke yo kapab jwi non sèlman jodia, men egalman pou jenerasyon kap vini yo.”

Haitian Creole

Depite Joe Crowley te deklare, “Kòm efò rekonstriksyon an ap kontinye pou fanmi ak biznis yo ki te afekte pa siklòn Sandy, mwen kontan paske sit sa yo ki se yon pati entegral nan istwa vil nou an egalman jwenn soulajman yo merite. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo ak Sèvis Park Nasyonal pou angajman yo nan kontwòl rekiperasyon konplè New York epi asire ke sit istorik nou yo ap rete la pou jenerasyon kap vini yo.”

Depite Tim Bishop te deklare, “Kòm nap kontinye rebati apre gwo tanpèt Sandy, li enpòtan ke eta ak gouvènman federal la travay ansanm pou asire ke nou pa sèlman rebati ak prezève plas ak katye nou yo, men egalman plas sa yo ki se yon pati enpòtan nan eritaj nou an. De pwopriyete sa yo se pyès enpòtan nan istwa nan ekstremitè lès Long Island e mwen kontan paske nou anmezi pou sipòte yo pou jwisans pwochen jenerasyon yo.”

Depite Yvette D. Clarke te deklare, “Pou anpil jenerasyon, Prospect Park te yon plas jwisans pou fanmi yo nan Brooklyn, yon plas pou pataje nan bote lananti pami vil ki gen plis moun nan Etazini. Pandan nap kontinye rekipere nan devastasyon siklòn Sandy, nou dwe pwoteje resous yo tankou Prospect Park pou jenerasyon yo ki pral swiv nou nan Brooklyn.”

Depite Chris Gibson te deklare, “Antanke defansè pou park ak sit istorik nou yo, mwen kontan paske sit istorik sa ak destinasyon touris pral stabilize ak repara. Marine transpòtasyon te ede rann Empire State New York, e Saugerties Lighthouse se yon pati enpòtan pou eritaj kiltirèl nou. Sa a se bòn nouvèl pou rezidan yo nan Hudson Valley ak anpil biznis ki konte sou touris nan zòn rivyè a.”

Prim yo ki anba premye seri finansman se tankou sa ki annaprè a:

BRONX

Simityè Woodlawn

\$168,000 pou simityè Woodlawn pou restorasyon twa moniman ki te andomaje, reparasyon pou apeprè 25 sit travay adisyonèl ak memoryal pou retire debri tanpèt la. Yon sit istorik nasyonal, jije pa Sèvis Park Nasyonal pou genyen “pi gwo koleksyon art finèb nan peyi a” Woodlawn te etabli nan ane 1863 e aktyèlman li bay konferans regilye ak tour ki kontribye a pwogram kiltirèl nan Bronx.

BROOKLYN

Simityè Green-Wood, Brooklyn

\$950,000 pou netwayaj Simityè Green-Wood, peyizaj ak moniman/restorasyon pyè tonm. Domaj Sandy yo te pwofon akòz de chit 300 pyebwa; travay reparasyon enkli restorasyon twa mozole ak de pyè tonm, ak restorasyon peyizaj /replantasyon. Devlope nan ane 1838 tankou youn nan premye simityè riral ki te deziyen nan Etazini, Green-Wood se yon sit istorik nasyonal avèk youn nan pi gwo koleksyon art finèb enpòtan ak achitekti.

Simityè Evergreens, Brooklyn

\$715,000 pou Simityè Evergreens pou netwayaj, peyizaj & restorasyon pyè tonm/moniman. Simityè riral sa a, te fome nan ane 1849, te gen yon koleksyon enpòtan art finèb ak achitekti e li se yon resous kiltirèl enpòtan ak yon espas ouvè nan kominote a. Li te sibi domaj nan pyebwa ki te tonbe sa ki te krise mominam ak pyè tonm yo.

Prospect Park, Brooklyn

\$727,970 pou Alliance Prospect Park pou restorasyon ak stabilizasyon peyizaj nan zòn kolin ki gen anpil bwa nan perimèt nòdès Prospect Park, ki konnen tankou Vale Kachmi. Siklòn lan te detwi 50 pyebwa, koze domaj a estrikti adjasan yo ak destabilizasyon peyizaj anpant lan. Pwojè a pral restore pyebwa yo, netwaye domaj tanpèt la, retabli sipò wòch ki andomaje, ak replante pyebwa natif natal ak arbis yo nan fason pou stabilize pant yo.

KONTE NASSAU

Old Westbury Gardens, Old Westbury, Konte Nassau

\$271,260 a Ansyen Jaden Westbury pou restore plantasyon twa nivo ki rele Allee Sid, panorama ki pi ikonik nan Westbury House. Kay mayifik Charles II- style chato gen nich li pami 200 karo jaden fòmèl, jaden peyizaj, forè, etan, ak lak. Ale Sid la te andomaje pa van ak sèl, sa ki egzije yon ranplasman total nan sapen yo ak replantasyon sibstansyèl ak restorasyon kònouyè ak tiyèl yo.

QUEENS

Paviyon NYS, 1964 World's Fair, Flushing, Queens

\$127,000 pou Depatman Park ak Kreyasyon NYC pou yon kondisyon evalyasyon domaj nan strikti twati kab Paviyon NYS pou detèmine enpak Sandy epi devlope depans ki estime pou estabilizasyon; reparasyon debaz kapab antreprann egalman. Paviyon NYS liste nan Rejis Plas Istorik Nasyonal avèk enpòtans nasyonal ak yon plas Jeni Ameriken e li te youn pami estrikti ki te pi aklame nan New York World's Fair 1964-65.

STATEN ISLAND

Conference House Bluffs, Raritan Bay, Staten Island

\$350,000 a Depatman Park ak Rekreyasyon NYC pou yon etid sou kondisyon /enjenri ak sondaj akeyolojik nan Waterside Bluffs nan Conference House Park pou evalye domaj ki koze pa Sandy ak ekpozisyon objè enpòtan nan natif ameriken nan Plas Istorik Nasyonal akeyolojik. Nenpòt resous akeyolojik ki ekspoze pral kolekte epi trete e zòn lan pral stabilize pou pwochen pwoteksyon.

House Voorlezer, Vil Isotrik Richmond, Staten Island

\$83,000 a Sosyete Istorik Staten Island pou preparasyon yon rapò strikti istorik pou evalye enpak konplè domaj Sandy ak pou planifye pou reparasyon ak prezèvasyon alontèm. Sit Istorik Nasyonal 1695 sa pwopriyete a te sèvi kòm yon kay reyinyon relijye ak rezidans e li te konsidere kòm lekòl ki pi ansyen nan Etazini. Pwopriyete a te sibi plizyè inondasyon, ki andomaje panèl egzibisyon, sistèm elektrik ak mekanik, objè yo ki te itilize pou entèpretasyon ak fondasyon, ak posib domaj striktirèl.

Simityè Staten Island, Konte Richmond

\$52,360 pou Zanmi Simityè Abandone yo pou finansman adisyonèl ak retwo-aktif pou netwaye pyebwa ak re-inisyalizasyon pyè tonm nan sit elijib rejis nasyonal sa a.

KONTE SUFFOLK

Caumsett Restorasyon Dune, Caumsett State Park, Huntington, Konte Suffolk

\$201,000 pou Fondasyon Caumsett pou repare dun sab la, santye sab, istorik Plank Road ak restorasyon plant natif nan Caumsett, Gold Coast 1919 imobilye nan Marshall Field. Pwojè a pral gen ladan restore aksè a santye a nan zòn kotyè epi amelyore aksè a vizitè yo.

Downs Farm/Sit restorasyon Fort Corchaug, Southold, Konte Suffolk

\$30,000 a Vil Southold pou degajman pyebwa danjere ki pandye /branch piwo santye pou mache a nan Downs Farm/Fort Corchaug Preserve. Sit la gen ladan yon zòn akeyolojik Fort Corchaug, yon sit istorik ki te deziyen Fò Natif Ameriken ki prezève kontak peryòd depo akeyolojik.

Sant Kominotè Oak Beach, Babylon, Konte Suffolk

\$750,000 a vil Babylon pou reparasyon ak restorasyon ansyen stasyon Gad Lifesaving pou l kontinye itilize kòm yon sant kominotè. Bati nan ane 1872, strikti a te sibi domaj enpòtan nan Sandy e fon sa yo pral pèmèt reparasyon konplè ak restorasyon, enkli revètman enteryè, fenèt ak pòt ak enteryè.

Tupper Boathouse, Southampton, Konte Suffolk

\$456,807 a Vil Southampton pou premye faz travay ki egzije pou soulve anga a 2 pye odela nivo inondasyon. Vil la te achte anga style neo-kolonyal 10 ane de sa pou l te itilize kòm yon etablisman edikasyon ki pral entèprete istwa maritim zòn lan ak bay aksè tankou yon “santye” nan Peconic Bay / Konsyans Pwen anviwonman / zòn senik ak rekreyasyon.

KONTE ULSTER

Saugerties Lighthouse, Konte Ulster

\$175,000 a Konsèvasyon Saugerties Lighthouse pou stabilizasyon ak reparasyon strikti soutyen entegre, enkli miray an wòch, waf la ak ekipman an beton, tout sa yo enpòtan pou bay pwoteksyon alontèm ak aksè a resous la. Bati nan 1869, Saugerties Lighthouse se pi ansyen rezidans lighthouse ki siviv sou larivyè Hudson e li te vini yon destinasyon popilè, òganize tour pandan tout ete a.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE

Haitian Creole